

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

**AVI POU NOTIFYE FANMI PLASMAN OSWA KONTINIYASYON SÈVIS NAN
PWOGRAM ANGLE POU MOUN KI PALE LÒT LANG (ESOL)**

(Parent Notification of Placement/Continuation of Services in the English for Speakers of other languages (ESOL) Program)

(Dat)

Pou Manman/Papa/Responsab legal elèv: _____ Klas (Grade): _____

Non lekòl-la: _____

- Premye plasman nan pwogram ESOL Plasman kontinye nan pwogram ESOL

Dapre repons ou ba-nou nan ankèt sou lang ou pale lakay (*Home Language Survey*) ki nan Fòmilè enskripsyon elèv (*Student Registration form*), yo bay pitit-ou yon tès pou evalye epi idantifye si li bezwen asistans nan lang angle jou ki te ____/____/____ (Dat antre nan pwogram-nan). Nou kontan anonse-ou pitit-ou va resevwa enstriksyon nan pwogram angle pou moun ki pale yon lòt lang nan distrik-la - *English for Speakers of Other Languages (ESOL) program*.

Yo itilize rezilta tès pitit-ou ak/oswa lòt kritè pou detèminen konpetans-li nan lang angle:

1. Tès Evalyasyon Koute/Pale (*K-12*) _____ Klasifikasyon lang _____
2. Tès Lekti/Ekriti (*Grades 3-12*) _____ Lekti _____ Ekriti _____

Bi pwogram ESOL-la se ede pitit-ou pran konpetans nan lang angle pou satisfè estanda akademik apwopriye avèk nòt pasaj pou pwomosyon ak diplòm. Pwogram ESOL adapte enstriksyon avèk abilte epi bezwen elèv-la. Tanpri vizite sit Entènèt www.broward.esolparents.com epi www.broward.k12.fl.us/esol pou plis ransèyman. Si pitit-ou gen plis bezwen enstriksyon, yo va enkli nan sèvis ESOL direktiv ak rekòmandasyon pou Plan Edikasyon Endividyèl - (IEP).

Nou ankouraje-ou patisipe nan devlopman Plan enstriksyon pou elèv kap aprann angle - *English Language Learner Student Education Plan (ELLSEP)*, ki dekri kouman pitit-ou va fè pwogrè nan lang angle epi satisfè estanda akademik. Alòske ou gen dwa chwazi pwogram ESOL pou pitit-ou, nou rekòmande pou pitit-ou patisipe nan pwogram-sa-yo:

- 1. Enstriksyon selon kontèks/Klas endepandan-Bèlte lang-angle** (Elèv-yo resevwa enstriksyon bèlte lang ak elèv ELLs sèlman.)
- 2. Enstriksyon selon kontèks/Klas endepandan-Pwogram matyè bazik** (Elèv-yo resevwa enstriksyon matematik, syans, syans sosyal, ak/oswa enstriksyon sou konnesans konpitè avèk elèv ELLs sèlman)
- 3. Pwogram enstriksyon regilye/Enklizyon-Bèlte lang-angle** (Elèv-yo resevwa enstriksyon nan bèlte lang (*Language Arts*) avèk elèv ELLs epi elèv ki pa ELLs, enstriksyon ki itilize estrateji ESOL)
- 4. Pwogram enstriksyon regilye/Enklizyon- Pwogram matyè bazik** (Elèv-yo resevwa enstriksyon nan matematik, syans, syans sosyal, ak/oswa enstriksyon nan konnesans konpitè avèk elèv ELLs epi elèv ki pa ELLs, enstriksyon ki itilize estrateji ESOL)

Pitit-ou ap rete nan pwogram ESOL jiskaske li satisfè kritè Leta tabli pou li soti nan pwogram-nan. Yo pa ka refize yon elèv dwa li pou ansèyman li ka konprann. Yon plan enstriksyon pou elèv kap aprann lang angle (*English Language Learner Student Education Plan* - prepare pou elèv-la. Dosye -a rele *ELLSEP folder*. Tanpri pou plis enfòmasyon kontakte ESOL Curriculum / moun ki kontak-la, ki gen non-ni ekri pi ba-a.

(ESOL Curriculum/Moun pou kontakte) () _____
Nimewo telefòn lekòl-la

**Tanpri konplete seksyon anba-a epi retounen-ni nan lekòl pitit-ou
Tcheke tout sa ki aplikab.**

Non elèv-la: _____ **Nimewo telefòn:** () _____ **Dat:** _____

- ___ Mwen konprann pitit-mwen va resevwa sèvis nan pwogram ESOL epi mwen dakò ak plasman-ni nan pwogram-nan.
- ___ Mwen ta renmen diskite bezwen edikasyon pitit-mwen epi rekòmandasyon nan pwogram ESOL.
- ___ Mwen ta renmen genyen plis enfòmasyon sou aktivite fanmi ka patisipe ladan-yo nan lekòl-sa-a.

Non Paran/Responsab Legal _____ **Siyati Paran/Responsab legal** _____